
# Magirazi Ekudzikatidzwa kwezuva:

## Mitemo Yemashandisirwo




*Kudzikatidzwa Kwezuva Kwakazara*

*Muvhuro, 8 Kubvumbi 2024*

*© 2018-2024*
*Eclipse2024.org*

# TERMS AND CONDITIONS FOR USE OF ECLIPSE GLASSES

**Please read these Instructions for Use carefully before using the Eclipse Glasses. Your purchase and use of the Eclipse Glasses constitutes your agreement to these Terms and Conditions. Failure to follow these Instructions for Use may result in serious personal injury, including permanent eye damage. If you do not understand these Instructions or cannot follow them diligently and completely, then you should not look at the Sun at any time, with or without the Eclipse Glasses.**

The term "Eclipse Glasses" refers to the special cardboard-and-polymer optical products, marked "ISO 12312-2" and "SAFE FOR DIRECT SOLAR VIEWING", manufactured by Rainbow Symphony of Reseda CA or American Paper Optics of Bartlett TN, and sold by Eclipse2024.org for the purpose of viewing the Sun during the solar eclipse of April 8, 2024, by or under the direct supervision of a person 18 years of age or above and in accordance with these Instructions for Use.

Observing the Sun directly, without the benefit of eye protection provided by the Eclipse Glasses, will likely result in serious personal injury, up to and including permanent eye damage and blindness. When these Instructions for Use are followed completely and precisely, the undamaged and unmodified Eclipse Glasses have been proven to be safe and effective in allowing direct, short-term viewing of the Sun. If these Instructions for Use are not followed, or if damaged or modified Eclipse Glassesare used, permanent eye injury could result.

You should never look directly at the Sun, with or without the aid of the Eclipse Glasses, if you have any temporary or permanent medical or other condition which either (1) prevents your use of the Eclipse Glassesaccording to these Instructions for Use, or (2) which predisposes you to an increased or special risk of incurring, worsening, or contributing to the effects of any optical condition, or other medical, health, or other condition, by looking or attempting to look at the Sun.

You should never attempt to perform any other activity (such as driving or walking) while using the Eclipse Glasses.

You agree that if you allow others to use the Eclipse Glasses, you will provide each such user with a copy of these Instructions for Use and will make sure such user reads and understands the Instructions for Use before using the Eclipse Glasses.

By using the Eclipse Glasses to view the Sun, you agree with the following:

(a) you understand these Instructions for Use completely;
(b) you understand and accept the risks associated with improper use of the Eclipse Glasses;
(c) you accept full responsibility for, and assume all risks associated with, the act of viewing the Sun, with or without the use of the Eclipse Glasses; and
(d) the Eclipse Glasses are fragile, and any damage or modification will render them immediately and permanently unusable for their intended purpose.

Release and Limitation of Liability

By way of purchasing and using the Eclipse Glasses, you are irrevocably releasing, indemnifying, and holding harmless the manufacturer and seller from any liability, loss, claim and expense (including attorney's fees), including but not limited to bodily injury or other personal harm, which may result from using the Eclipse Glasses under any circumstances or conditions and irrespective of jurisdiction. Neither the manufacturer nor the seller will be responsible for any damages of any kind, irrespective of reasons, conditions or circumstances, including malfunctioning of the Eclipse Glasses. All risks associated with using the Eclipse Glasses rest solely and entirely with the user, irrespective of whether the Eclipse Glasses are used by the original purchaser or any third party. You fully understand and assume the risks in using the Eclipse Glasses. You confirm that you have read this release of liability and fully understand its terms and that you have given up substantial rights by purchasing and using the Eclipse Glasses.

THE MANUFACTURER AND SELLER OF THE ECLIPSE GLASSES MAKE NO WARRANTY OF ANY KIND, EXPRESSED OR IMPLIED, WITH RESPECT TO THE ECLIPSE GLASSES, INCLUDING BUT NOT LIMITED TO THE IMPLIED WARRANTIES OF MERCHANTABILITY, FITNESS FOR A PARTICULAR PURPOSE, AND NON-INFRINGMENT. NEITHER THE MANUFACTURER NOR THE SELLER SHALL BE LIABLE FOR ANY OTHER DAMAGES, INCLUDING BUT NOT LIMITED TO DIRECT, INDIRECT, INCIDENTAL, SPECIAL, CONSEQUENTIAL, OR EXEMPLARY DAMAGES, WHETHER IN AN ACTION IN CONTRACT OR TORT (INCLUDING NEGLIGENCE AND STRICT LIABILITY), SUCH AS, BUT NOT LIMITED TO, LOSS OF ANTICIPATED PROFITS OR BENEFITS RESULTING FROM, OR ARISING OUT OF, OR IN CONNECTION WITH THE USE OR FURNISHING OF THE ECLIPSE GLASSESOR THE PERFORMANCE, USE OR INABILITY TO USE THE SAME, EVEN IF THE MANUFACTURER OR SELLER HAS BEEN ADVISED OF THE POSSIBILITY OF SUCH DAMAGES. IN NO EVENT WILL THE MANUFACTURER'S OR SELLER'S TOTAL LIABILITY EXCEED THE PRICE PAID FOR THE PRODUCT.

Note Regarding Translations

Translations of these Instructions for Use into various languages are provided "AS-IS" and solely for the convenience of the reader. Eclipse2024.org has made reasonable efforts to ensure the accuracy of the Translations; however, in the event of any perceived discrepancy in meaning or interpretation between the English version and any Translation, the English version will prevail. You should not act in reliance on anything contained in any Translation of these Instructions for Use, but should refer to the official English version.


© 2014-2024
Eclipse2024.org


# ***Kudzikatidzwa kwezuva kwakazara – 8 Kubvumbi 2024***

**Tinokugashirai kuNorth America!**

Tinonzwa kuremekedzwa zvikuru nekusarudza kwamakaita kushanyira dunhu redu kuitira kuti muzoona chiitiko chinoshamisa chekudzikatidzwa kwezuva kwakazara. Chishuviro chedu ndechekuti muone chiitiko ichi zvakasununguka huye makachengetedzeka.

*Tirikukupai mitemo yamunofanirwa kutevedza nerurimi rweshona kuitira kuti murerukirwe. Mitemo yemashandisirwo yakanyorwa nechingezi, "Mitemo yemashandisirwo" ndiyo mitemo yakakwana inokwanisa kukupai mashoko negwara kwaro renzira dzinoshandiswa pakupfeka magirazi ekudzikatidzwa kwezuva dzinokwanisa kuwanikwa pawebsite inotevera hhttps://tinyurl.com/2024Instructions uye zvinokukurudzirwa kuti uverenge nekunzwisisa huye uitevedzere paunoshandisa magirazi ekudzikatidzwa kwezuva.* ***Kukundikana kutevedzera mitemo yemashandisirwo kunokwanisa kukuwisira munjodzi yakaipisisa***

Vanoongorora nezvemuchadenga vanoti kudzikatidzwa kwezuva kwakazara kuchaitika musi wa 8 Kubvumbi 2024 huye vanoti vese vanoda kuona kudzikatidzwa kwezuva kwakazara vanofanira kunge varikudunhu re North America pa "Nzira yekuona Zvizere". Kana usiri panzira iyi unongoona kudzikatidzwa kwechidimbu chezuva! Nekudaro zvakakosha kuti uzive kuti uripanzira iyi here kana kuti kwete huye nzira dzinoshandiswa dzicahtsanangurwa munguva pfupi inotevera.



*Nzira yekuona Zvizere*

**MASHANDISIRWO MUCHIDIMBU** **MITEMO YEMASHANDISIRWO INEUDZAMU**

Mashoko ekuti "Magirazi Ekudzikatidzwa kwezuva" sekushandiswa kwaakaitwa mugwaro rino anomirira "Eclipse Glasses" anotaurwa mumagwaro ekuzvisunungura ari papeji yekutanga huye anotaurwa zvekare mukati megwaro rino

Kushandisa magirazi aya mucherechedzo wekuti wabvumirana nezvinosungirwa kutevedzwa pakushandiswa kwemagirazi aya huye kuti uchazvitevedza zvizere mashandisirwo anotsanangurwa mugwaro rino kuitira kuti uone chiitiko ichi zvakanaka chero nguva ipi zvayo.Kana usina kunzwisisa mitemo inofanira kutevedzwa kana kutiusingakwanisi kuitevedza zvizere huye huye zvakarurama kana kuti uchipokana nemitemo iyi, unokumbirwa kuti usatombotarise chiitiko chekudzikatidzwa kwezuva ichi chero ipi nguva zvayo uchishandisha chero ipi zvayo nzira.

© 2018-2024

# MASHANDISIRWO MUCHIDIMBU EMAGIRAZI EKUDZIKATIDZWA KWEZUVA

*Mashandisirwo akanyorwa muchidimbu aya akaderedzwa kubva pamitemo inotsangura zvizere mumutauro wechishona yaunofanira kuverenga pamwe nekunzwisisa huye wozadzisa zvakazara kuititra kuti uzoshandisa magirazi ekudzikatidzwa kwezuva pakuona chiitiko chekudzikatidzwa kwezuva.*

1) **Tarisa nzvimbo yauri pa eclipse2024.org/find-times kuti uone kuti kudzikatidzwa kwezuva kunoitika zvakazara here kana kuti muchidimbu panzvimbo yaunenge uri pamwe nenguva yekudzikatidzwa muchidimbu huye (Kana zvichikodzera) pazvikamu zvekudzikatidzwa zvakazara zvichaitika munzvimbo iyi.**
2) **Kudzikatidzwa kwezuva chiitiko chinoshamisa zvikuru asi kuti unakidzwe zvakazara unofanira kunge uripa "Nzira yekuona zvizere" – yakafara makiromita angangoita mazana maviri. Kana kudzikatidzwa kwezuva kwakazara kusiri kuoneka kunzvimbo yaunenge wakasarudzakuonera chiitiko ichi, unokurudzirwa kuti uende panzvimbo iri pa "Nzira yekuona zvizere".**
3) **Paunoshandisa magirazi ekudzikatidzwa kwezuva kuona chiitiko ichi, unofanira kubata magirazi ekudzikatidzwa kwezuva nenzira yekuti anovhara maziso ako ese kuitira kuti usakuvadzwe nekutarisa kuzuva.**
4) **Paunofanira kushandisa magirazi ekudzikatidzwa kwezuva kutarisa zuva:**
   a. **Kana kudzikatidzwa kwezuva KUSINGAITIKE zvakazara munzvimbo yaunenge uri, unosungirwa kutarisa zuva uchishandisa magirazi ekudzikatidzwa kwezuva nguva dzose. KUBVISAMAGIRAZI AYA KUNOGONA KUISA HUTANO HWAKO HWEMAZISO PANJODZI KANA UKATARISA KUZUVA USINA KUDZIVIRIRA MAZISO AKO ZVAKAKWANA.**
   b. **Kana kudzikatidzwa kwezuva KURIKUITIKA zvakazara munzvimbo yaunenge uri, unofanira kupfeka magirazi ekudzikatidzwa kwezuva nguva dzose panenge pachipenya zuva kunyangwe pasara chidimbu chidiki.UNOGONA KUISA HUTANO HWEMAZISO AKO PANJODZI YEKUKUVARA ZVACHOSE UKATADZA KUTEVEDZA MUTEMO UYU!**
      i. **Zvisinei, panguva pfupi yekudzikatidzwa zvizere CHETE, apo rinenge risisina panooneka kupenya unokwanisa kuchiritarisa zuva usina kupfeka magirazi ekudzikatidzwa kwezuva.**
      ii. **Saizvozvo, ukaedza kushandisa magirazi ekudzikatidzwa kwezuva panguva yarinenge radzikatidzwa zvizere, hapana chaukwanisa kuona.**
      iii. **UNOFANIRA kupfeka magirazi ekudzikatidzwa kwezuva zvekare kana kudzikatidzwa kwezuva zvizere kwangopera.**
5) **Nemamwe mashoko,**

**PESE PANOONEKA CHIDIMBU CHEZUVA, *UNOSUNGIRWA* KUPFEKA MAGIRAZI EKUDZIKATIDZWA KWEZUVA PAKUTARISA ZUVA!**

© 2018-2024
Eclipse2024.org

# MASHANDISIRWO EMAGIRAZI EKUDZIKATIDZWA KWEZUVA ANEUDZAMU

Chekutanga, Unofanira kuziva nekunzwisisa zvinotevera!

Kudzikatidzwa kwezuva kunzvimbo dzakatsaukana dzenyika kunotsanangurwa zvakasiyana panguva yechiitiko choga choga. Izvi zvinotsanangurwa sezvinotevera:

| *Chiitiko* | *Tsanangudzo* | ***Kuonekwa kwacho*** *(pakudzikatidzwa kwezuva kwakazara)* | ***Kuonekwa kwacho*** *(pakudzikatidzwa kwechidimbu chezuva)* |
|---|---|---|---|
| ***C1*** | **Kutanga kwedanho rekudzikatidzwa muchidimbu** |  |  |
| ***C2*** | **Kutanga kudzikatidzwa kwezuva kwakazara** |  | * Hapana chinoitika! * |
| ***Pakati pekudzikatidzwa kwezuva*** | **Pakati nepakati pekudzikatidzwa kwezuva** |  |  |
| ***C3*** | **Kupera kwekudzikatidzwa kwezuva kwakazara** |  | * Hapana chinoitika! * |
| ***C4*** | **Kupera kwedanho rekudzikatidzwa muchidimbu** |  |  |

© 2018-2024
Eclipse2024.org

## 1) ZVINOTARISIRWA KUTEVEDZWA PAKUSHANDISWA KWEMAGIRAZI EKUDZIKATIDZWA KWEZUVA



1) [*Panokodzera*] vhura zvakanyatsonaka magirazi ekudzikatidzwa kwezuva.
2) Chengetedza magirazi ekudzikatidzwa kwezuva panzvimbo yakachengetedzeka panguva yaanenge asirikushandiswa.
3) Cherechedza magirazi ako usati wamashandisa panguva dzose. Ongorora kuti zvioneso zvacho zvirimuchimiro chakaita sei. Kana paine pakakanganisikakana kupeteka, unofanirwa kuparadza nekucheka huye worasa magirazi aya, wotsvaga mamwe asina kukanganisika.
4) Kana zvioniso zvemagirazi aya zvakakanganisika usashandise magirazi aya kutarisa kuzuva panguva ipi zvayo.
5) Usabvise zvioniso zvemagirazi aya zvekare usabvise zvioneso izvi kuti uzvishandise kutarisa kuzuva nemutowo upi zvawo.
6) Magirazi asina kukanganisika akanaka kushandisa huye anodzivirira njodzi inogona kukonzera kukanganisa hutano hwemaziso nekuda kwesimba remirazvo yezuva nekudaro hazvina njodzi pakushandisa magirazi ekudzikatidzwa kwezuva akanaka uchitevedza nzira dzakanyorwa dzaunofanira kutevedza pakushandiswa kwemagirazi aya.
7) **Unofanira kushandisa magirazi ekudzikatidzwa kwezuva sekutsanangurwa kwazvakaitwa mugwaro rino kuitira kuti utarise kuzuva zvakasununguka pose panooneka CHERO chidimbu zvacho chekuvaima kwezuva. Izvi hazvineyi ne nenguva yezvinhanho zvekudzikatidzwa kwezuva (zvinova “C2” ne “C3” sezvakatsanangudzwa pamusoro) zvakanyorwa pane chero api magwaro.**
8) Usashandise magirazi ekudzikatidzwa kwezuva uchishandisa zvinhu zvakaita sema binocular, camera, lens, chiringiro nezvimwe zvingashandiswa kutumira kana zvinoratidza chiedza.
9) Usanongedza, kuonesa kana kushandisa zvinhu zvese zvataurwa pamusoro apo kunongedza kuzuva, kana kuritarisa nekutambisa chiedza chezuva.
10) Usatendera kuti magirazi anoshandiswa pakudzikatidzwa kwezuva ashandiswe nemhuka kana nemunhu asirikunyatsoona, asingakwanise kuverenga kana kunzwisisa nekutevedza zvinosungirwa kutevedzwa pakushandiswa kwemagirazi aya.
11) Mashandisirwo emamagirazi ekudzikatidzwa kwezuva:

    Bata magirazi aya nenzira yekuti anenge ari pakati pemaziso ako nezuva nguva dzose huye unofanira kuona kuti akavhara maziso ako kubva kusimba rezuva. Kana uchishandisa magirazi ekudzikatidzwa kwezuva akagadzirwa nemapepa ecardboard unokwanisa kupeta cardboard racho kuti apfekeke sezvinongoitwa magirazi anopfekwa nevanhu mazuva ose. Haufanirwe kutarisa kuzuva usina kupfeka magirazi aya kana zuva risina kudzikatidzwa zvizere (kureva kuti panguva diri pakati pa C2 na C3 sezvichaziviswa pachati iri pazasi, ndokunge zvichifambirana nenguva yenzvimbo yaunenge uchionera chiitiko ichi).



12) Usashandise chimwe chinhu chisiri magirazi anopfekwa pakudzikatidzwa kwezuva sezvaakagadzirwa akaita kuitira kuzvichengetedza kubva mukukuvadzwa kwemaziso nesimba rezuva.
13) Kana uine mibvunzo maererano nezvinofanira kutevedzwa pakushandiswa kwemagirazi ekudzikatidzwa kwezuva unokwanisa kubata sangano re Eclipse2024.org pawebsite inotevera https://tinyurl.com/glasses-questions.

## *2) DZIDZA NGUVA CHAIDZO DZEKUDZIKATIDZWA KWEZUVA MUNZVIMBO YAUNENGE URI.*

Uchitevedza mashoko aripawebsite inotevera eclipse2024.org/find-times anofambirana nenguva ichaitikira kudzikatidzwa kwezuva munzvimbo yaunenge uri zadzisa mashoko anotevera:

***Munzvimbo yandiri Kudzikatidzwa kwezuva:***

| | |
|---|---|
| **KWAKAZARA** | **HAKUNA KUZARA** |

*(Isa denderedzwa pamhinduro imwe chete)*

| | |
|---|---|
| **Kana kudzikatidzwa kwezuva *KWAKAZARA* munzvimbo yaunenge uri, tevedza zvinotevera**<br><br>**"ZUVA RICHADZIKATIDZWA *ZVAKAZARA* MUNZVIMBO YANGU"**<br><br>**verenga mashoko aripazasi:** | **Kana kudzikatidzwa kwezuva *KUSINA KUZARA* kunzvimbo yako, tevedza zvinotevera**<br><br>**"ZUVA RICHADZIKATIDZWA *MUCHIDIMBU* MUNZVIMBO YANGU"**<br><br>**verenga mashoko aripazasi:** |

© 2018-2024
Eclipse2024.org

## ** ZUVA RICHADZIKATIDZWA *ZVAKAZARA* KUNZVIMBO YANDIRI **

Urimunzira ye kuona zvizere, huye uchaona chiitiko chinoshamisa chisingawanzoitika! Zvakakosha kuti uzive nguva ichadzikatidzwa zuva zvakazara munzvimbo yaunenge uri. Unokwanisa kuita izvi kubudikidza nekutarisa panguva dzavazivisa pazasi huye nekuti zuva rinenge risingaoneki parinodzikatidzwa zvizere.

1) Uchitevedza mashoko akapiwa pa [eclipse2024.org/find-times](eclipse2024.org/find-times) maererano nenzvimbo yaunenge uri, nyora pasi nguva dzinofungidzirwa kuti chiitiko chimwe nechimwe chichange chichiitika sekunyorwa kwazvakaitwa pazasi. (Ona kuti wagadzirisa nguva idzi kuti dzienderane nenzvimbo yaunenge uri):

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ***C1 isati yasvika*** | * Hapana kudzikatidzwa kwezuva kunoitika * | |  |  | **UNOFANIRA** kupfeka magirazi ekudzikatidzwa kwezuva |
| ***C1*** | **Kudzikatidzwa kwezuva muchidimbu kunotanga nenguva dza:** | |  |  | **UNOFANIRA** kupfeka magirazi ekudzikatidzwa kwezuva |
| ***C2*** | **Kudzikatidzwa kwezuva zvizere kunotanga nenguva dza:** | |  |  | **Mushure me C2** unokwanisa kutarisa zuva nemeso ako |
| ***Pakati pekudzikatidzwa kwezuva*** | **Kunoitika nenguva dza:** | |  |  | **Unokwanisa kutarisa nemeso ako** |
| ***C3*** | **Nguva dzekupera kwekudzikatidzwa kwezuva:** | |  |  | **UNOFANIRA** kupfeka zvakare magirazi ekudzikatidzwa kwezuva |
| ***C4*** | **Nguva dzekupera kwekudzikatidzwa kwezuva muchidimbu:** | |  |  | **UNOFANIRA** kupfeka magirazi ekudzikatidzwa kwezuva |
| ***Mushure me C4*** | * Hapana kudzikatidzwa kwezuva kunoitika * | |  |  | **UNOFANIRA** kupfeka magirazi ekudzikatidzwa kwezuva |

2) Kunyangwe uripanzvimbo iripanzira ye Kuona Zvizere, UNOFANIRWA kupfeka magirazi ekudzikatidzwa kwezuva kutarisa kuzuva panguva ipi zvayo chikamu che C2 chisati chadarika kana mushure me C3, zuva parinenge risina kudzikatidzwa zvakazara.

© 2018-2024
Eclipse2024.org

3) Unokwanisa hako kutarisa kuzuva usina kupfeka magirazi ekudzikatidzwa kwezuva KANA:
    a. Kana zuva rakadzikatidzwa zvakazara (kana uri "Munzira yekuona zvizere"), ZVEKARE
    b. Panguva inodzikatidzwa zuva zvakazara (panguva dziripadanho kubva pa C2 kuenda pa C3 kunzvimbo yawazivisa pamusoro), ZVEKARE
    c. **Kana zuva richinge ravharwa ZVIZERE neMwedzi.**

Nguva dzekudzikatidzwa kwezuva zvakazara dzinosiyana siyana zvichienderana nenzvimbo yaunenge uri nekudaro unofanirwa kugara waziva nguva dzinotarisirwa kuitika chiitiko ichi chisati chaitika. Nguva dzirikutaurwa pamusoro ndedzinofungidzirwa kuti chiitiko ichi chinozoitika!

4) Zvekare, zvisinei nenguva dzakaziviswa pamusoro kana dzakatarwa kunedzimwe nzvimbo, **unofanirwa kutarisa kuzuva uchishandisa magirazi ekudzikatidzwa kwezuva pese PANOONEKERA zuva.**
5) Mitemo iyi yakanyorwa pamwechete nemifananidzo inoitsanangudza, kuitira kuti zvikubatsire kunzwisisa zvinofanirwa kuitwa.

---

***Unofanirwa kuverenga,wonzwisisa huye wotevedza zvinotevera:***

**NDINOFANIRA KUTEVEDZA ZVOSE ZVINOSUNGIRWA MAERERANO NEKUSHANDISWA KWEMAGIRAZI EKUDZIKATIDZWA KWEZUVA KUITIRA KUTI NDIMASHANDISE ZVISINA NJODZI.**

**KANA PAINE CHIDIMBU CHEZUVA CHIRIKUONEKWA NDINOFANIRWA KUSHANDISA MAGIRAZI EKUDZIKATIDZWA KWEZUVA KANA NDICHITARISA KUZUVA.**

*© 2018-2024*
*Eclipse2024.org*

## ** ZUVA RICHADZIKATIDZA *MUCHIDIMBU* MUNZVIMBO YANGU **

Hausi paNzira yekuona Zvizere saka zvinoreva kuti haukwanise kuona chiitiko chinoshamisa zvakazara. (Tinokurudzira kuti unge uripanzvimbo iripaNzira yekuona Zvizere kuitira kuti uve chapupu che chiitiko chinoshamisa ichi!)

1) Uchitevedza mashoko akapiwa pa eclipse2024.org/find-times maererano nenzvimbo yaunenge uri, nyora pasi nguva dzinofungidzirwa kuti chiitiko chimwe nechimwe chichange chichiitika sekunyorwa kwazvakaitwa pazasi. (Ona kuti wagadzirisa nguva idzi kuti dzienderane nenzvimbo yaunenge uri):

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ***C1 isati yasvika*** | * Hapana kudzikatidzwa kwezuva kunoitika * | |  |  | **UNOFANIRA** kupfeka magirazi ekudzikatidzwa kwezuva |
| ***C1*** | **Kudzikatidzwa kwezuva muchidimbu kunotanga nenguva dza:** | |  |  | **UNOFANIRA** kupfeka magirazi ekudzikatidzwa kwezuva |
| ***Pakati nepakati pekudzikatidzwa kwezuva*** | **Kunoitika nenguva dza:** | |  |  | **UNOFANIRA** kupfeka magirazi ekudzikatidzwa kwezuva |
| ***C4*** | **Nguva dzekupera kwekudzikatidzwa kwezuva muchidimbu:** | |  |  | **UNOFANIRA** kupfeka magirazi ekudzikatidzwa kwezuva |
| ***Mushure me C4*** | * Hapana kudzikatidzwa kwezuva kunoitika * | |  |  | **UNOFANIRA** kupfeka magirazi ekudzikatidzwa kwezuva |

*(Cherechedza kuti hapananguvadza C2 na C3 dzakaziviswa nekuda kwekuti hapana kudzikatidzwa kwezuva kwakazara kunoitika munzvimbo yako!)*

2) **Unofanira kupfeka magirazi ekudzikatidzwa kwezuva paunotarisa kuzuva sezvo chiitiko ichi chisingaitike zvakazara munzvimbo mako.** Unokurudzirwa zvakare kuti uende pa Nzira yekuona Zvizere. Iva nechokwadi chekuti wakatakura magirazi ekudzikatidzwa kwezuva kuitira kuti ukwanise kutarisamatanho ose ekudzikatidzwa kwezuva muchidimbu zvisina njodzi kuhutano hwemaziso!

3) Mitemo iyi yakanyorwa pamwechete nemifananidzo inoitsanangudza, kuitira kuti zvikubatsire kunzwisisa zvinofanirwa kuitwa.

---

***Unofanirwa kuverenga,wonzwisisa huye wotevedza zvinotevera:***

**NDINOFANIRA KUTEVEDZA ZVOSE ZVINOSUNGIRWA MAERERANO NEKUSHANDISWA KWEMAGIRAZI EKUDZIKATIDZWA KWEZUVA KUITIRA KUTI NDIMASHANDISE ZVISINA NJODZI.**

**NDINOFANIRWA KUPFEKA MAGIRAZI EKUDZIKATIDZWA KWEZUVA POSE PANDINOTARISA KUZUVA.**

© 2018-2024
Eclipse2024.org

PDF

chiShona

GRAN ECLIPSE NORTEAMERICANO

GRANDE ÉCLIPSE NORD - AMÉRICAINE

GREAT NORTH AMERICAN ECLIPSE

ECLIPSE.org 2024